



## **Demann pou lèt ki montre enterè nan ACT anvan 11 Décembre, 2019**

Ayiti Community Trust (ACT) se premye fondasyon an Ayiti ki bay fon dotasyon. Li itilize resous peyi a genyen, li chèche konnen sa peyi a manke epi li bay resous nou bezwen pou jwenn yon solisyon k ap dire. ACT anrejistre an Ayiti, se yon fondasyon ki bay sibvansyon. An 2020, ACT ap bay \$50,000 pou finanse youn oswa plizyè òganizasyon ki pataje menm vizyon ak li. N ap chèche sipòte òganizasyon k ap reekri istwa sosyete ayisyèn nan pandan y ap travay sou plan: Anviwònman, Antreprenarya, ak Educasyon Sivik. Nou enterese sitou nan yon apwòch antreprenaryal k ap pèmèt nou konsève anviwonnman Ayiti a.

### **Twa pilye ACT yo:**

#### **Anviwònman**

Nou kwè se ayisyen ki pou goumen pou resous natirèl ki nan peyi a. Konsa, y ap fè pwomosyon pou yon klima ki rezilyan, y ap kreye pi bon mwayen pou moun viv epi y ap ogmante chans pou jenerasyon k ap vini yo gen yon ekonomi ki pi bon. N ap chache sipòte pwojè inovatè k ap ka ranvèse oswa anpeche anviwònman an fin degrade pandan y ap ankouraje ayisyen chanje modèl konpòtman ki patisipe nan chanjman klimatik la.

#### **Antreprenarya**

Ayisyen renmen antreprenarya, men sitiwayon sosyo-ekonomik la fè sektè sa a pa evolye anpil nan kèk kouch nan sosyete a. N ap chache envesti nan estrateji inovatè, efikas ak dirab pou ogmante antreprenarya epi revitalize kominote lokal yo.

#### **Edikasyon Sivik**

Moun ki eveye, konpetan epi ki gen anbisyon se pi bon mwayen pou jere yon nasyon. N ap chèche sipòte pwojè kominotè ki gen pou objektif devlopman lidèchip ak responsablite piblik, epi k ap ensite sitwayen ayisyen yo pou yo angaje yo aktivman, nan tèt ansanm, pou amelyore sosyete a.

#### **Kiyès ki kalifye ?**

òganizasyon ki kapab:

- Pwouve yo anrejistre an Ayiti
- Travay sou omwen youn nan 3 pilye ACT yo

#### **Dimansyon pwojè a ak montan sibvansyon yo**

- Sibvansyon yo pa dwe depase \$ 40,000 US
- Men nan kisa lajan an dwe depanse:
  - ✓ Kreyasyon yon pwogram ki baze sou yon apwòch ki nouvo epi k ap pote bon rezilta
  - ✓ Lokal, ekipman, oswa materyèl
    - ✓ Bay pwojè a boustè
    - ✓ Sipòte tout sa ki gen pou wè ak pwojè a
  - ✓ Ogmante kapasite - ak asistans teknik
  - ✓ Depans endirèk rezonab pou aplikasyon pwojè a

**Pwojè/kòz ki pa kalifye:**

- ✓ Pwojè ki p ap pote èd pou lontan
- ✓ Bousdetid
- ✓ Rechèch
- ✓ Pwojè endividyèl
- ✓ Dotasyon
- ✓ Aktivite komemoratif
- ✓ Aktivite tankou bal/fèt
- ✓ Vin yon manm òganizasyon an
- ✓ Kanpay anyèl
- ✓ Rediksyon defisi

**Ki pwochen etap yo?**

Si òganizasyon nou an **elijib**, enfòmasyon sa yo ka ede nou deside si nou vle tanmen pwosesis aplikasyon pou finansman an.

- \$50,000 se kantite kòb ki disponib pou distribisyon. Sibvansyon an p ap depase \$40,000, li p ap piti pase \$5,000. Kantite lajan yon òganizasyon ap resevwa pral depann de enpak pwojè li a ap genyen, pwoksimite ki gen ant pwojè a ak priyorite ACT yo ak bezwen finansye òganizasyon an.

**ACT ap priyorize òganizasyon ki:**

- Mande yon sibvansyon ki pa depase 50% nan bidjè global yo a.
- Tabli an Ayiti epi kote majorite manm konsèy administratif la se ayisyen. ACT ka fè eksepsyon pou òganizasyon ki abitye bay ayisyen bourad.
- Ka bay orijin sitiyasyon yo sinyale a ak kijan entèvansyon yo vle fè a ap gen yon enpak sou sitiyasyon an.
- Gen yon relve rezilta (mezirab) de sa yo akonpli deja
- Entegre plis pase yon sèl pilye ACT (anviwònman, antreprenarya, edikasyon sivik) nan pwogram/pwojè y ap pwopoze a
- Gen kapasite pou yo òganize yo, ki ka jere lòt sous sibvansyon epi ki ka kolabore ak lòt asosye tankou gouvènman
- Montre ak chif, enpak yo gen deja
  - Kantite moun yo te ede/enfliyanse oswa enpak sou plan jewografik
- Gen yon dosye ki montre sa yo te fè pou yon pwojè (ki gen rapò ak youn nan 3 pilye ACT yo) kote yon sibvansyon t ap fè yon gwo diferans.

**Pwosesis Aplikasyon Etap 1:**

**Anvan 11 Décembre 2019**

Voye yon **lèt pou ou di ou enterese**. Ou ka ekri l an kreyòl, franse, oswa angle. Voye l nan adrès ki nan fen dokiman sa a. Li preferab si nou voye lèt la pa imel.

**Men kisa ki dwe nan lèt la:**

- Montan sibvansyon an ak kantite tan òganizasyon an mande



- Misyon òganizasyon an ak estrateji li
- Bidjè ONG a ak bidjè pwogram nan
- Deskripsyon demografik administrasyon an
- Tit pwojè a
- Yon ti rezime sou jan nou pral itilize sibvansyon an, ladan l n ap ajoute:
  - ✓ deskripsyon entèvansyon yo
  - ✓ rezilta nou espere wè nan 1-3 lane (kantite moun nou atenn, enpak sou plan jewografik, chanjman n ap tann)
  - ✓ enpak pwojè a ap gen nan 5-10 lane (sou sistèm nan oswa kominote a)
- Detay sou kijan objektif pwojè a rejwenn priyorite ACT yo
- Premye moun pou n kontakte si n bezwen òganizasyon an

**Dokiman ki dwe akonpanye lèt la:**

- Prèw enskripsyon an
- Dènye rapò ki fèt sou finans òganizasyon an
- Non ak nasyonalite moun ki nan tèt òganizasyon an: Prezidan an ak 3 moun ki nan tèt ekzekitif la ak jesyon (manajment).

**Pwosesis Aplikasyon Etap 2:**

**Anvan 1 Janvyè 2020** òganizasyon ki te aplike yo ap resevwa enfòmasyon k ap fè yo konnen si yo dwe voye yon aplikasyon ki konplè.

Si yo envite yo fè sa, òganizasyon yo dwe voye aplikasyon an nan adrès ki nan fen dokiman sa a anvan: **15 Fevriye 2020.**

**Aplikasyon konplè** a dwe gen ladan tout sa ki te nan premye lèt la plis:

- plan detaye sou kijan n ap aplike pwojè a, n ap ajoute kantite tan sa ap pran plis bidjè a
- kijan n ap sèvi ak eksepyans nou pou plan nou pwopoze a mache
- pale de dirabilite sous finansman aktyèl yo ak sa k ap vini yo
- non ak kontak lòt envestisè aktyèl yo
- non ak kontak pou lòt òganizasyon yo pwopoze kòm kolaboratè yo

**Pwosesis Aplikasyon Etap 3:**

**Anvan 30 Jen** aplikan yo ap resevwa yon avi k ap fè yo konnen si yo ap jwen sibvansyon an. Depi repons lan pozitif y ap resevwa yon lèt ki di yo aksepte sibvansyon yo, y ap siyen lèt sa a.

**Pwosesis Aplikasyon Etap 4:**

Yon mwa apre yo fin reponn lèt ki konfime yo aksepte sibvansyon an, finansman an ap kòmanse.

Adrès imèl : \_\_\_\_\_

Adrès postal : \_\_\_\_\_